

Direktiv sou Aplikasyon Fòmilè I-821, Aplikasyon pou Eitati Tanporè Pwoteje

Anrejistreman Inisyèl

Pou anrejistreman pou Eitati Tanporè Pwoteje (TPS) inisyèl, li enpòtan pou w ranpli aplikasyon w lan avèk prezizyon e pou w bay enfòmasyon yo mande yo. Pou w asire yo trete aplikasyon w lan san reta, suiv direktiv suivan yo:

Jeneral

- A. Li epi suiv tout enstriksyon ki nan fòmilè yo, konsènan frè yo, ki kote pou w anrejistre, ak kondisyon pou kalifikasyon yo.
- B. Tout aplikasyon ki gen enfòmasyon ki ekri alamen fèt pou yo ekri lizibleman.
- C. Asire w ke w kenbe enfòmasyon w yo andedan kaz oswa espas yo bay la.
- D. Itilize lank nwa oswa lank ble sèlman. Machin eskanè yo pap detekte enfòmasyon ki ekri avèk lank wouj e sa ka bay reta nan tretman aplikasyon w lan oswa yo ka rejte fòmilè aplikasyon w lan.
- E. Fòmilè I-821 ak Enstriksyon yo gratis. Ou ka jwenn fòmilè ak enstriksyon yo sou entènèt nan uscis.gov, e yo disponib tou gratis nan biwo USCIS yo.
- F. Piga itilize kreyon fet sou aplikasyon w lan. Sa ka koze reta nan tretman aplikasyon w lan oswa sa ka lakòz yo rejte fòmilè aplikasyon w lan.
- G. Ou dwe itilize sèlman fòmilè ou teledchaje sou sit entènèt la nan [USCIS.gov](https://uscis.gov) oswa ke w pran nan yon biwo USCIS. (Gen plizyè òganizasyon asistans imigrasyon ki gen fòmilè sa yo tou ke yo pran nan USCIS. Lè w itilize fòmilè sa yo ki sou fòm ADOBE e ke w ka ranpli dirèkteman, sa fasilite tretman aplikasyon w lan. Ou ka tape repons ou yo tou.
- H. Si w teledchaje fòmilè sa yo nan yon sit entènèt ki pa [USCIS.gov](https://uscis.gov), asire w ke chan pou mete enfòmasyon yo ki nan aplikasyon an pa gen koulè gri. Sa a se yon pwoblèm ki genyen nan sèten nan fòmilè ki sou fòm fichye pòtab (PDF). Machin eskanè yo pap detekte enfòmasyon ki nan chan ki gen koulè gri yo, e sa ka lakòz yo rejte fòmilè w la.
- I. Piga chanje prezantasyon oswa aranjman tèks yo nan aplikasyon an. Nenpòt chanjman nan aplikasyon an ka lakòz yo rejte l.
- J. Pou w fè yon Anrejistreman Inisyèl TPS ou dwe gen de (2) fòmilè: I-821, Aplikasyon pou Eitati Tanporè Pwoteje (Application for Temporary Protected Status); ak I-765, Aplikasyon pou

- K. Asire w ke Non w, Prenon w ak Non Batèm ou ekri egzakteman menm jan an sou tout fòmilè yo (I-821 ak I-765). Si non w mal ekri oswa si w itilize plizyè non sa ka lakòz yo rejte aplikasyon w lan.
- L. Itilize vèsyon aplikasyon ki resan an, e ki gen dat 17 oktòb 2007. Se pou vèsyon aplikasyon an vizib pa anba fòmilè a.
- M. Siyen tout fòmilè ou soumèt nan espas yo bay pou siyati a. Si w pa siyen fòmilè w ranpli yo sa pral lakòz yo rejte aplikasyon w lan.
- N. Voye **tout** paj pou tout fòmilè yo pa lapòs. Piga voye fòmilè enstriksyon yo pa lapòs. Si w pa voye tout paj pou tout fòmilè yo pa lapòs, sa pral lakòz yo rejte aplikasyon w lan.

Fòmilè I-821

- A. Nan Pati 1 ki nan aplikasyon I-821 an, mete yon tchèk nan Kaz A sèlman. Si w pa mete yon tchèk nan Kaz A sa ka lakòz gen reta nan tretman aplikasyon w lan oswa yo ka rejte fòmilè w la.
- B. Nan Pati 2 ki nan aplikasyon I-821 an, antre dat nesans ou kòrèkteman. Si w kite liy sa a vid, sa ka lakòz yo rejte aplikasyon w lan.
- C. Nan Pati 2 ki nan aplikasyon I-821 an, make peyi nesans ou, peyi rezidans ou ak peyi sitwayènte w. Si w kite liy sa yo vid, sa ka lakòz yo rejte aplikasyon w lan.
- D. Nan Pati 4 ki nan aplikasyon I-821 an, ranpli liy ki make, « mwen se yon natifnatal... ». Si w kite liy sa a vid sa ka lakòz yo rejte aplikasyon w lan.

Fòmilè I-765

- A. Nan Liy 16 ki nan aplikasyon I-765 lan, antre Kòd Kalifikasyon « A12 ». Si w kite liy sa a vid oswa si w antre yon lòt kòd, sa ka lakòz yo rejte aplikasyon w lan.
- B. Si w pa bezwen Dokiman Otorizasyon Travay la, pigamete yon tchèk nan kaz ki make « Map aplie pou. » Kite l vid.

Frè

Tablo ki pi ba a endike frè yo mande pou anrejistreman inisyaly TPS. Si w pa ka peye okenn nan frè sa yo, ou ka soumèt yon demann pou egzansyon frè ansanm avèk dokiman apwopriye yo kap sèvi kòm prèv. Si w bezwen plis enfòmasyon sou egzansyon frè, tanpri, al gade nan 8 C.F.R. § 244.20 ak sou sit entènèt USCIS la nan www.uscis.gov. **[OCOMM, li ta bon si w ta dirije moun yo sou ki kote sou sitè entènèt la direktiv sou egzansyon frè yo ye /you may want to direct people to where on website the fee waiver guidance is. Ajs]**

Laj Aplikasyon an	Frè pou I-821	Frè pou byometrik	Fè Demann pou EAD	Frè pou I-765	Frè Total pou I-821 ak I-765
< 14	\$50	-	Wi	\$0	\$50
< 14	\$50	-	Non (Se pou w ranpli I-765)	\$0	\$50

			kantmèm)		
14 – 65	\$50	\$80	Wi	\$340	\$470
14 – 65	\$50	\$80	Non (Se pou w ranpli I-765 kantmèm)	\$0	\$130
66+	\$50	\$80	Wi	\$0	\$130
66+	\$50	\$80	Non (Se pou w ranpli I-765 kantmèm)	\$0	\$130

- A. Nou rekòmande ke si wap soumèt plizyè aplikasyon (pou pliske yon moun), ou dwe mete avèk aplikasyon an, yon chèk oswa yon manda postal pou chak aplikasyon.
- B. Mete frè kòrèk yo avèk aplikasyon an. Si w pa mete frè kòrèk yo avèk aplikasyon an, sa ka lakòz yo rejte aplikasyon w lan.